PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA
LEMBAGA DAKWAH NAHDLATUL ULAMA
LDNU KABUPATEN KEDIRI
Sekertariat: Jl. Imam Bonjol 38 Kediri 64122

Keutamaan soho Amalan Wonten Wulan Rojab

اَلْحَمْدُ لِلهِ الَّذِيْ وَفَّقَ مَنْ شَاءَ مِنْ خَلْقِهِ بِفَضْلِهِ وَكَرَمِهِ، وَخَذَلَ مَنْ شَاءَ مِنْ خَلْقِهِ بِمَشِيْئَتِهِ وَعَدْلِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَّا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَلَا شَبِيْهَ وَلَا مِثْلَ وَلَا نِدّ لَهُ، وَلَا حَدّ وَلَا جُثّةَ وَلَا أَعْضَاءَ لَهُ. وَأَشْهَدُ أَنّ سَيّدَنَا وَحَبِيْبَنَا وَعَظِيْمَنَا وَقَائِدَنَا وَقُرّةَ أَعْيُنِنَا مُحَمّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ، وَصَفِيُّهُ وَحَبِيْبُهُ. اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمّدِ بْنِ عَبْدِ اللهِ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ وَّالَاهُ، وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَلَا حَوْلَ وَلَا قُوّةَ إِلّا بِاللهِ. أَمّا بَعْدُ، فَإِنّي أُوْصِيْكُمْ وَنَفْسِيْ بِتَقْوَى اللهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيْمِ الْقَائِلِ فِيْ مُحْكَمِ كِتَابِهِ: إِنّ عِدّةَ الشُّهُورِ عِنْدَ اللهِ اثْنَا عَشَرَ شَهْرًا فِي كِتَابِ اللهِ يَوْمَ خَلَقَ السّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ مِنْهَا أَرْبَعَةٌ حُرُمٌ (التوبة: ٣٦)

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,
Ngawiti khutbah meniko kawulo wasiat khususipun dumateng kawulo piyambak, umumipun dumateng panjenengan sedoyo, sumongo tansah ningkataken taqwa dumateng gusti Alloh subhanahu wata`ala kanti nindaaken perintahipun lan nebihi awisanipun. Kanti taqwa insya Alloh kito bade dados tiingkang ingkang bejo dunyo akherat.

Hadirin ingkang dirahmati Allah,
Dinten meniko kita bade mlebet dating salah setunggalipun *al Asyhur al Hurum*, wulan-wulan haram, wulan-wulan ingkang suci soho mulyo, inggih meniko Dzulqa'dah, Dzulhijjah, Muharram soho Rajab. Allah subhanahu wa ta'ala dawuh:

إِنّ عِدّةَ الشُّهُورِ عِنْدَ اللهِ اثْنَا عَشَرَ شَهْرًا فِي كِتَابِ اللهِ يَوْمَ خَلَقَ السّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ مِنْهَا أَرْبَعَةٌ حُرُمٌ (التوبة: ٣٦) .

Maknanipun: “Saktemene wilangan wulan miturut Allah wonten rolas wulan, ingndalem ketetapanipun Allah tatkalanipun Allah nitahaken langit soho bumi, di antaranipun sekawan wulan haram” (Q.S. at-Taubah: 36).

Allah nyebat empat wulan kolowahu kanthi sebutan wulan-wulan haram keranten awalipun peperangan ingndalem wulan-wulan meniko dipun haramkan.

Hadirin ingkang dirahmati Allah,
Abu Nu’aim soho Ibnus Sunni meriwayatkan bilih Rasulullah *shallallahu ‘alaihi wa sallam* setiap kali mlebet wulan Rajab, beliau mahos do’a:

اللّٰهُمَّ بَارِكْ لَنَا فِي رَجَبٍ وَشَعْبَانَ وَبَلِّغْنَا رَمَضَانَ

“Ya Allah, anugerahkanlah keberkahan dumateng kami wonten ing wulan Rajab soho Sya'ban, soho sampaikanlah yoswo kami dumugi wulan Ramadlan.”

Ma’asyiral Muslimin rahimakumullah,
Di antara keutamaanipun wulan Rajab bilih dalu setunggal Rajab meniko salah setunggalipun dalu ingkang mustajab tumprapipun do’a kados ingkang sampun dipun tegasaken kalian Imam Syafi’i ingndalem kitab al-Umm:

بَلَغَنَا أَنَّهُ كَانَ يُقَالُ: إِنَّ الدُّعَاءَ يُسْتَجَابُ فِي خَمْسِ لَيَالٍ: فِي لَيْلَةِ الْجُمُعَةِ، وَلَيْلَةِ الْأَضْحَى، وَلَيْلَةِ الْفِطْرِ، وَأَوَّلِ لَيْلَةٍ مِنْ رَجَبٍ، وَلَيْلَةِ النِّصْفِ مِنْ شَعْبَانَ

Maknanipun: “Sampun dumugi warto dumateng kami bilih rumiyen nate dipun dawuhaken: Sak temene doa dipun kabulaken wonten limang dalu: malem Jumat, malem riyoyo Idul Adlha, malem riyoyo Idul Fithri, malem tanggal setunggal wulan Rajab soho malem nishfu Sya'ban.”

Hadirin ingkang dirahmati Allah,

Wonten wulan Rajab meniko, kito dipun anjuraken supados ngathah-mgathahaken amal-amal kesahenan soho ketaatan. Salah setunggalipun ngathah-ngathahaeken poso. Kita dipun sunnahaken supados ngathah-ngathahaeken poso ing wulan Rajab kados kito inggih dipun sunnahaken supados ngathah-ngathahaeken poso ing telung wulan haram ingkang lintu, Dzulqa'dah, Dzulhijjah soho Muharram. Memang mboten wonten hadits shahih ingkang secara khusus menyatakan kesunnahanipun poso Rajab. Namung inggih mboten wonten awisan secara khusus poso wulan Rajab. Para ulama ndawuhaken bilih dalil-dalil umum mengenai anjuran poso setahun penuh kejawi limang dinten ingkang diharamkan, cekap dados dalil kesunnahanipun poso Rajab. Kesunnahan poso Rajab inggih sager dipun pendet saking dalil-dalil umum mengenai dianjurkanipun poso wonten sekawan wulan haram. Disebutkan ingndalem Shahih Muslim, hadits no. 1960:

عن عُثْمَانَ بْنِ حَكِيمٍ الْأَنْصَارِيِّ قَالَ سَأَلْتُ سَعِيدَ بْنَ جُبَيْرٍ عَنْ صَوْمِ رَجَبٍ وَنَحْنُ يَوْمَئِذٍ فِي رَجَبٍ فَقَالَ سَمِعْتُ ابْنَ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا يَقُولُ كَانَ رَسُولُ اللَّهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَصُومُ حَتَّى نَقُولَ لَا يُفْطِرُ وَيُفْطِرُ حَتَّى نَقُولَ لَا يَصُومُ

Saking Utsman bin Hakim Al Anshari bilih beliau dawuh: Aku takon maring sahabat Sa'id bin Jubair mengenai poso Rajab, saat niku kami sedang wonten ingdalem wulan Rajab. Beliau njawab: Aku sampun miring bilih Ibnu Abbas *radliyallahu 'anhuma* dawuh: Ruiyen Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* nate poso hinggo kami matur bilih beliau mboten bakal buko. Soho beliau inggih nate buko hingga kami matur bilih beliau mboten bakal poso. Imam an Nawawi ingndalem Syarh Shahih Muslim mengomentari hadits meniko kanti dawuh: "Zhahiripun, ingkang dimaksud sahabat Sa'id bin Jubair ndadosaken hadits nini sebagai dalil inggih puniko bilih mboten wonten nash ingkang menyatakan sunnah utawi melarang secara khusus terkait poso Rajab. Sebab meniko, poso Rajab mlebet ingndalem hukum poso wonten wulan-wulan ingkang lintu. Mboten wonten setunggal pun hadits tsabit ingkang berhubungan kalian poso Rajab, baik niku anjuran utawi larangan. Namun, hukum asalipun poso meniko dipun sunnahaken. Ingndalem Sunan Abi Dawud, Rasulullah shallallaahu 'alaihi wa sallam menyatakan kesunnahan poso wonten wulan-balan haram *(al Asyhur al*

Hurum, sekawan wulan ingkang dimuliakan), Lan Rajab meniko salah setunggalipun."
Ibnu Hajar al-Haitami ingndalem kitab *al-Fatawa al-Fiqhiyyah al-Kubra* menyatakan bilih meskipun hadits-hadits keutamaan poso Rajab mboten wonten ingkang shahih, tapi bukan berarti sedoyo hadits palsu. Menurut beliau, di antara hadits-hadits kolo wahu wonten ingkang mboten palsu, melainkan berstatus dha'if lan angsal dipun amalkan ingndalem *fadla'ilul a'mal* (njelasaken keutamaan amal-amal kesahenan).

Hadirin ingkang dirahmati Allah,
Wonten wulan Rajab, wonten beberapa peristiwa penting ingkang terjadi ingndalem sejarah umat Islam. Hal meniko nuduhaken bilih Rajab meniko salah setunggalipun wulan ingkang mulia. Di antaranipun: Sayyidah Aminah binti Wahb milai mengandung janin ingkang kelak dipun paring asmo Muhammad wonten wulan Rajab. Sak sampunipun mengandung selama sangang wulan, wonten wulan Rabi'ul Awwal Sayyidah Aminah babaraken makhluk ingkang paling mulia, baginda Nabi agung Muhammad *shallallahu 'alaihi wa sallam.* Kelahiranipun dados rohmat ingkang Allah hadiahkan dumateng alam semesta.

Wonten tanggal 27 Rajab, terjadi peristiwa Isra' soho Mi'raj, salah setunggal mu'jizat terbesar ingkang Allah anugerahkan dumateng baginda Nabi Muhammad shallallahu 'alaihi wa sallam. Maksud soho tujuan Isra' soho Mi'raj inggih meniko mulyaaken soho ngegungaken Rasulullah, ketingalaken dumateng beliau beberapa keajaiban soho tondo kekuasaan Allah, soho nampi perintah shalat wonten panggenan ingkang sanget mulianipun soho panggenan ingkang mboten nate maksiat dipun lampahi wonten mriku.
Wonten hari kapinng sepuluh wulan rajab tahun 9 H, kedadosan perang Tabuk. Wonten wulan Rajab tahun 9 H, an-Najasyi, raja al-Habasyah wafat ingndalem keadaan muslim. Imam Syafi'i wafat wonten wulan Rajab tahun 204 H ingndalem yuswo 54 tahun. Beliau dipun makamaken wonten Mesir.
Wonten wulan Rajab tahun 101 H, Khalifah 'Umar bin 'Abdil 'Aziz wafat ingndalem yoswo 39 tahun.

Wonten tanggal 27 Rajab 583 H, Sultan Shalahuddin Al-Ayyubi berhasil mbebasaken Baitul Maqdis, Palestina. Sak derengipun mbebasaken Palestina, Sultan Shalahuddin al Ayyubi mempersatukan umat Islam ingndalem satu ikatan aqidah ingkang leres, inggih meniko aqidah

Ahlussunnah wal Jama’ah. Kesatuan aqidah bakal nglahiraken kesatuan manah. Kesatuan manah antar umat Islam meniko kekuatan ingkang dahsyat ingkang mboten saget dipun kalahaken. Salah setunggalipun upaya mujudaken hal meniko, beliau mrintahaken dateng poro muadzdzin wonten sedoyo wilayah ingkang beliau kuasai supados mengumandangkan aqidah Asy'ariyyah saben-saben dinten, sesaat sak derengipun adzan shubuh.
Wonten tanggal 16 Rajab 1344 H bertepatan kaian tanggal 31 Januari 1926, poro ulama berkumpul wonten Surabaya menyepakati lahirnya jam’iyah Nahdlatul Ulama, sebuah organisasi sosial soho keagamaan ingkang salah satu tujuan utamanipun inggih meniko memperjuangkan aqidah Ahlussunnah wal Jama’ah soho sistem bermazhab ingndalem beragama.

Ma’asyiral Muslimin rahimakumullah,
Demikian khutbah ingkang singkat meniko, mugi-mugi wonten wulan Rajab meniko kito senantiasa dipun paringi kekuatan, kemudahan soho kemampuan ingndalem ngathah-ngathahaken kesahenan soho ketaatan dumateng Allah subhanahu wa ta’ala. Aamiiin.

أَقُوْلُ قَوْلِيْ هٰذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ لِيْ وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوْهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ .

Khutbah II

إِنَّ الْحَمْدَ لِلّٰهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ، ، وَنَعُوْذُ بِاللهِ مِنْ شُرُوْرِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِ اللهُ فَلَا مُضِلّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلْ فَلَا هَادِيَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَّا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنّ سَيِّدَنَا مُحَمّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ، اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمّدِ الصّادِقِ الْوَعْدِ الْأَمِيْنِ، وَعَلٰى إِخْوَانِهِ النَّبِيِّيْنَ وَالْمُرْسَلِيْنَ، وَارْضَ اللّٰهُمَّ عَنْ أُمّهَاتِ الْمُؤْمِنِيْنَ، وَآلِ الْبَيْتِ الطّاهِرِيْنَ، وَعَنِ الْخُلَفَاءِ الرّاشِدِيْنَ، أَبِيْ بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ، وَعَنِ الْأَئِمّةِ الْمُهْتَدِيْنَ، أَبِيْ حَنِيْفَةَ وَمَالِكٍ وَالشّافِعِيّ وَأَحْمَدَ وَعَنِ الْأَوْلِيَاءِ وَالصّالِحِيْنَ. أَمّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُوْنَ، أُوْصِيْكُمْ وَنَفْسِيْ بِتَقْوَى اللهِ الْعَلِيّ الْعَظِيْمِ فَاتّقُوْهُ، وَاعْلَمُوْا أَنّ اللهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ عَظِيْمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصّلَاةِ وَالسّلَامِ عَلٰى نَبِيّهِ الْكَرِيْمِ فَقَالَ إِنَّ اللّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ ۚ يَا أَيُّهَا

الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا، اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلٰى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيْمَ وَعَلٰى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيْمَ وَبَارِكْ عَلٰى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلٰى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيْمَ وَعَلٰى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيْمَ، فِيْ الْعَالَمِيْنَ إِنَّكَ حَمِيْدٌ مَجِيْدٌ. اَللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، اَللّٰهُمَّ اجْعَلْنَا هُدَاةً مُهْتَدِيْنَ غَيْرَ ضَالِّيْنَ وَلاَ مُضِلِّيْنَ، اَللّٰهُمَّ اسْتُرْ عَوْرَاتِنَا وآمِنْ رَوْعَاتِنَا وَاكْفِنَا مَا أَهَمَّنَا وَقِنَا شَرَّ ما نَتَخوَّفُ، رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. عِبَادَ اللهِ، إِنَّ اللهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيْتَاءِ ذِي الْقُرْبٰى وَيَنْهٰى عَنِ الفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ. فَاذكُرُوا اللهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوْهُ عَلٰى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَاسْأَلُوْهُ مِنْ فَضْلِهِ يُعْطِكُمْ وَاتَّقُوْهُ يَجْعَلْ لَكُمْ مِنْ أَمْرِكُمْ مَخْرَجًا، وَلَذِكْرُ اللهِ أَكْبَرُ .

Ustadz Nur Rohmad, Pemateri/Peneliti di Aswaja NU Center PWNU Jawa Timur soho Ketua Biro Peribadatan & Hukum, Dewan Masjid Indonesia Kab. Mojokerto